ñeel na Aji-gëm ji ca àjjana ab xaymab wurus bu ñu yaatal, guddaayam tolloo ak juróom-benni Miil, aji-gëm ji dana fa am ay njaboot, aji-gëm ji dana leen wër te ñenn ñi duñu gis ñeneen ñi

Jële nañu ci Abuu Muusa Al-Asharii -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu jële ci Yonente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: "ñeel na Aji-gëm ji ca àjjana ab xaymab wurus bu ñu yaatal, guddaayam tolloo ak juróom-benni Miil, aji-gëm ji dana fa am ay njaboot, aji-gëm ji dana leen wër te ñenn ñi duñu gis ñeneen ñi".

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc day xibaare lenn ci xéewali àjjana ya, ak ne aji-gëm ji dana am ca àjjana xayma bu màgg te yaatu ci biiram, mu nekk ci wurus wu yaatu, yaatuwaayam ak guddaayam ci kawe toll ni juróom-benni miil, wet gu nekk ak wàll wu ne ak koñ bu ne ci ñenti koñam am na fa ay soxna, ñenn ñi duñu gis ñeneen ñi, te aji-gëm dana leen wër ñoom ñépp.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/8349